

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvye 2020

OBJEKTIF:

Rabè pou pasyan ak règleman èd finansye a dekri tout sikonstans kote pasyan yo jwenn rabè sou bòdwo yo pou sèvis yo te jwenn yo nan sant Partners HealthCare yo. Sa gen ladann rabè dapre kondisyon asirans pasyan an, san pran an kont kondisyon finansye yo epi rabè yo chita sou kondisyon finansye pasyan an espesyalman ki detèmine nan verifye revni pasyan an ak/oswa patisipasyon nan yon plan sante gouvènman an finanse.

Antite yo ki afilye ak Partners HealthCare System rekonèt gen kèk pasyan ki gen revni limite e ka pa gen aksè ak kouvèti asirans pou tout sèvis yo. Règleman sa te prepare pou ede pasyan ki pa gen asirans yo ak pasyan ki gen asirans pasyèl yo ki pa gen ase resous finansye.

DEFINISYON:

Pasyan ak asirans pasyèl: Yon pasyan ki pa gen okenn asirans sante ki anvigè pou yon dat espesifik pou sèvis oswa kote asirans yo pa anvigè pou yon sèvis espesifik akoz limit rezo yo, benefis asirans ki fini oswa lòt sèvis ki pa kouvri.

Sèvis ki nesèsè medikalman: Sèvis ki lojikman yo atann ki ka anpeche, dyagnostike, anpeche vin pi mal, soulaje, korije oswa geri kondisyon ki menase lavi, lakòz soufrans oswa doulè, lakòz defòmasyon fizik oswa move fonksyònman, menase pou lakòz oswa agrave yon andikap oswa lakòz maladi oswa enfimite. Sèvis ki nesèsè medikalman yo gen ladann sèvis pou pasyan entèn ak ekstèn jan sa otorize nan kad Tit XIX Lwa Sekirite Sosyal la.

Sèvis ijan: Sèvis ki nesèsè medikalman yo ki bay apre yon kondisyon medikal parèt, swa fizik oswa mantal, ki parèt poukont li atravè sentòm grav ki gen ladann doulè grav, ke yon senp moun pridan ki gen konesans mwayen sou sante ak medsin ta ka wè ke absans yon swen medikal imedyat ka lojikman lakòz sante moun nan oswa yon lòt moun vin konpwomèt, pwoblèm grav nan fonksyònman kò a oswa move fonksyònman grav nan nenpòt ògán nan kò a oswa pati oswa an rapò ak yon fanm ansent, jan san defini nan atik 1867(e) (1) (B) Lwa Sekirite Sosyal la, 1867(e) (1) (B) Yon egzamen depistaj medikal ak yon tretman pou kondisyon medikal ijan oswa nenpòt sèvis parèt ki te bay nan nivo ki te egzije a an konfòmite ak **EMTALA** (42 USC 1395(dd) kalifye kòm swen dijans.

Sèvis ijan yo gen ladann:

- Sèvis yon pwofesyonèl medikal lisansye detèmine ki se yon ijans.
- Swen medikal pou pasyan entèn ki asosye ak swen ijans pou pasyan ekstèn; ak
- Transfè pasyan entèn soti nan lopital swen avanse pou ale nan yon lopital Partners (PHS) pou bay swen pasyan entèn ki pa te disponib la.

Sèvis presan: Sèvis ki nesèsè medikalman ki te bay apre yon kondisyon medikal te parèt sibatman, swa fizik oswa mantal, ki parèt poukont li atravè sentòm avanse ki montre li ase grav (sa gen ladann doulè grav) ke yon senp moun pridan kwè ke pa jwenn atansyon medikal nan entèval 24 èdtan ka nòmalman atann rezilta: mete sante pasyan an an konpwomi, pwoblèm nan fonksyònman kò a oswa move fonksyònman nan ògán oswa pati nan kò a. Sèvis presan yo

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvye 2020

te bay pou kondisyon ki pa menase lavi e ki pa poze yon gwo risk pou domaj grav nan sante moun nan.

Sèvis opsyonèl: Sèvis ki nesèsè medikalman yo pa satisfè definisyon sèvis ijan oswa presan. Pasyan an espesyalman, men pa sèl sa, pwograme sèvis sa yo alavans.

Lòt sèvis: Sèvis kote pa te gen bezwen medikal ki te demontre bay klinisyen k ap revize a oswa kote kalifikasyon pasyan an pou sèvis ki ka pa satisfè definisyon plan asirans jeneral yo paske li reponn ak kritè bezwen medikal kle yo pou sèvis la. Sèvis yo gen ladann sèvis kote anpil plan asirans pa konsidere yo kòm nesèsè medikalman sa gen ladann, men pa limite ak: Chiriji estetik, Fekondasyon In-Vitro (IVF) oswa lòt Terapi Repwodiktif Avanse (ART), Sèvis Pontaj Gastrik san moun k ap peye a pa te detèmine nesèsite medikal la ak Atik Konvenyans Pasyan an tankou frè pou sèvis lannuit yo ki depase sa ki te nesèsè pou swen medikal oswa sèvis lannuit pou pasyan (ospitalizasyon pasyèl oswa pasyan entèn) kote pa te gen yon nesèsite medikal ki te demontre klèman.

Dèt Medicare ki pa rekouvreb: Depans CMS/Medicare pèmèt lopital yo reklame pou pifò ko-asirans ak dediktib Medicare ki pa peye yo, depi balans la trete totalman selon sik bòdwo pou moun nan peye ki etabli a oswa si te gen yon desizyon ki te pran ki di pasyan an pa gen mwayen pou peye balans la. Desizyon sou enkapasite sa dwe chita sou nivo revni pasyan an ak yon revizyon byen yo gen disponib ki pa konsidere machin yo ak kote prensipal y ap viv la ak yon kont bankè/kouran minimòm.

Swen swivi avanse: Sèvis ki nesèsè medikalman yo nan yon lopital ki klase kòm swen swivi avanse, sa gen ladann sèvis reyabilitasyon yo.

Sèvis sante konpòtmantal: Sèvis nesèsè medikalman ki konsantre sou sikoloji ak sante mantal pasyan an e ki bay nan plizyè sant ki bay swen.

Patient Billing Solutions (PBS): Depatman nan Partners HealthCare ki responsab pou tout pwosesis sik revni ke moun nan peye li menm sa gen ladann tretman Sèvis Kliyan, Rekouvremant, Dèt ki pa Rekouvreb, kredi/ranbousman pasyan ak pwosesis ki lye yo.

DEKLARASYON RÈGLEMAN:

Antite afilye Partners HealthCare yo se antite ki pa gen taks kote misyon yo se bay sèvis bay tout moun ki gen nesèsite pou swen medikal. Pasyan ki gen nesèsite sèvis presan oswa ijan pa dwe jwenn refi sèvis sa yo poutèt enkapasite yo pou peye. Lopital swen swivi avanse ak sante konpòtmantal Partners yo ap travay ak pasyan yo ki te demontre bezwen finansye pou bay èd finansye pou pasyan sa yo k ap chèche swen nan anviwònman sa yo. Sepandan, pou antite afilye ak Partners HealthCare System yo kontinye bay sèvis bon jan kalite ak sipòte bezwen kominote a, chak antite gen yon responsabilite pou chèche peman rapid pou sèvis kote rekouvremant otorize e ki pa an konfli ak règleman Commonwealth MA oswa règleman federal ki gen ladann EMTALA.

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvyè 2020

Pòte: Règleman sa aplike a antite Partners HealthCare ki anba yo:

Acute Care Hospitals

- Massachusetts General Hospital (MGH)
- Brigham and Women's Hospital (BWH)
- North Shore Medical Center (NSMC)
- Newton-Wellesley Hospital (NWH)
- Brigham and Women's Faulkner Hospital (BWFH)
- Martha's Vineyard Hospital (MVH)
- Nantucket Cottage Hospital (NCH)
- Cooley Dickinson Hospital (CDH)
- Wentworth Douglass Hospital (WDH)
- Massachusetts Eye and Ear (MEE)

Behavioral Health Hospitals

- McLean Hospital (MCL)

Post Acute Care Hospitals

- Spaulding Rehabilitation Hospital Boston (SRH)
- Spaulding Hospital for Continuing Medical Care Cambridge (SHC)
- Spaulding Rehabilitation Hospital Cape Cod (SCC)

Physicians Organizations

- Massachusetts General Physicians Organization (MGPO)
- Brigham and Women's Physicians Organization (BWPO)
- North Shore Physicians Group (NSPG)
- Newton Wellesley (Medical Group) (NWMG)
- Cooley Dickinson Medical Group (CDMG)
- Nantucket Medical Group (NMG)
- Mass Eye and Ear Associates
- Wentworth Health Partners (WHP)
- Partners Community Physicians Organization (PCPO) – gwoup ki gen pwopriyete esklizif sèlman
 - Pentucket Medical Associates (PMA)
 - Mystic Health Care

Home Care

- Partners HealthCare at Home (PHH)

Sonje doktè ki asosye ak antite sa yo men ki voye bòdwo "an prive", yo ankouraje, men pa oblije, pou swiv règleman sa a. W ap jwenn detay yo nan lis founisè afilye Partners HealthCare yo.

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvye 2020

Apèsi

Règleman sa etabli yon règleman rabè pou pasyan pou lopital Partners yo, gwoup doktè asosye yo a ak Partners HealthCare at Home. Antite Partners yo ka nan kèk ka kontinye aplike rabè ki egziste yo ki depase règleman sa avèk apwobasyon Direktè finansye (CFO) antite lokal la. Règleman an gen ladan l yon pwogram rabè jeneral pou tout pasyan ki pa gen asirans e ki disponib pou kèlkeswa estati finansye pasyan an si li ranpli lòt paramèt pou rabè yo. Rabè ki baze sou sityasyon finansye pasyan yo kouvri nan seksyon Règleman sou Èd Finansye (FAP) a.

Pwogram rabè pou pasyan ki pa gen asirans

Tout lopital Partners Acute Care Hospitals, Physicians Organizations ak antite Partners HealthCare at Home yo bay rabè sou depans pou pifò sèvis yo. Pwogram sa se sèl pou pasyan yo pou tout nivo revni yo ki pa gen kalifikasyon finansye oswa aplikasyon ki obligatwa, menm si yon pasyan dwe gen peman li ajou pou tout balans ki pa peye yo pou li kalifye..

Esklizyon nan pwogram rabè pou pasyan ki pa asire yo

- Sèvis yo ki klase kòm "Lòt Sèvis yo" pa fè pati rabè sa.
- Sèvis doktè yo bay ki voye bòdwo "an prive" olye yo voye atravè yon gwoup doktè pa fè pati rabè sa a.
- Balans apre asirans yo pa fè pati rabè sa a, sa gen ladann: ko-peman, ko-asirans ak dediktib asirans yo. Balans ki gen rapò ak avantaj pase ke yo pat fè rabè pou moun k ap peye a kalifye pou rabè sa a. Sèvis moun k ap peye a klase kòm sèvis ki pa kouvri yo ka kalifye si règleman sa a pa ekskli yo espesyalman nan rabè a.
- Rabè yo ki nan kad règleman sa pa aplike pou chiriji plastik, sèvis enfètélite, reklamasyon machin a motè, reklamasyon tyès pati responsab, sèvis ki gen frè fiks, akiponkti, tele-sante, vizit elektwonik (vizit vityèl), lòt sèvis ki pa nesesè medikalman oswa sèvis kote lòt rabè te deja fè pati frè yo ak tout sèvis ke yo faktire avèk yon barèm frè oto-peman pwograme

Pwogramasyon Rabè

Acute Care Hospitals

Tout eksepte WDH: 25%

WDH: 40%

Òganizasyon Medsen

Tout eksepte WHP: 25%

WHP: 15%

Esklizyon nan rabè: MGPO Dental Services

Spaulding Rehabilitation Network

Esklizyon nan rabè

- Sèvis Reyabilitasyon nan Spaulding - Brighton

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvye 2020

- Terapi pou pasyan ki pa entènè ki gen ladan l Terapi fizik, okipasyonèl, terapi lapawòl oswa Sante konpòtmantal SRH
- Evalyasyon espesyalite (ATEC, AAC, Lokomat)
- Trètman espesyalite (Lokomat, sèvis entèprèt, trètman konplèks, trètman alimantasyon)
- Frè onorè pou vizit medikal teknik
- Lòt frè pou pwosedi ak dyagnostik

Partners Health Care at Home: 25%

Partners Urgent Care: Eksepte – Sèvis oto-peman yo faktire yon fason fiks.

Behavioral Health Services – McLean Hospital

- Gen ladan l – Admisyon nan sikyatri pou paysan ak sèvis sikyatri pou pasyan entèn yo (eksepte pwogram ki gen lòt rabè yo): 25% rabè
- Sèvis ki pa ladan l
 - Depans lannuit ki mache ak yon Ospitalizasyon Tanporè lè yon asirans ki baze sou nesite medikal pa kouvri yo. Yo faktire sèvis la sou yon tablo frè ki baze sou nivo revni ki nan Gid pou Revni Federal kont Povrete ki vin annapre yo:
 - A 100% oswa mwens nan FPG - 90%
 - Soti nan 100.1% rive nan 200% nan FPG - 75%
 - Soti 200.1% rive nan 300% nan FPG - 50%
 - Soti 300.1% rive nan 400% nan FPG - 25%
 - Pwogram rezidansyèl global ki baze sou depans chak jou ak Pwogram pasyèl global
 - Pwosedi byen prepare ki la pou pasyan ekstèn ki gen ladan l: Tès newopsichik, Trètman TMS, Pwogram the CATS (Tès Psikolojik, eta Newokonpòtmantal, Tès Newopsikolojik), Sèvis Ketamin e Esketamin

Rabè pou èd finansye/règleman sou èd finansye

Detèminasyon èd finansye yo kapab fèt swa avan swa apre yo fin bay sèvis yo dapre kondisyon finansye pasyan an, kalite ak kote yo bay sèvis yo, asirans pasyan an ak klasifikasyon jeneral sèvis yo bay yo. Sèvis ijan yo ap toujou bay san yon revizyon kondisyon finansye pasyan an jiska limit EMTALA egzije a. Règleman sa abòde tout sèvis ki nesèsè medikalman yo.

Sepandan, sèlman kèk kalite sèvis ki nesèsè medikalman ki ap kalifye pou jwenn rabè pou èd finansye gen ladan yo :

- Sèvis dijans yo ak sèvis presan yo.
- Sèvis opsyonèl nan Acute Care Hospital yo ak kondisyon pasyan ranpli responsabilite l antanke pasyan
- Sèvis opsyonèl nan Post-Acute Hospital ak Behavioral Health Services yo kalifye pou fè pati Rabè pou èd finansye ak kondisyon pasyan ranpli responsabilite l antanke pasyan. Anjeneral, yo evalye paysan yo pou apwobasyon finansye pou sèvis suivi pou swen avanse ak sèvis sante konpòtmantal yo nòmalman evalye pou apwobasyon finansye anvan yo bay sèvis la e sa ka ranvwaye dapre kondisyon medikal jeneral pasyan an apre yon revizyon avèk founisè apwopriye yo.
- Sèvis dantè nan Wentworth Douglas Dental Center

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvye 2020

Rabè pou èd finansye

Responsabilite pasyan

Pasyan yo dwe reponn ak responsabilite yo pou kalifye pou èd finansye. Pa rive reponn ak responsabilite sa yo ap lakòz pasyan an vin pa kalifye pou yo konsidere li.

Pasyan yo gen obligasyon pou:

1. Jwenn epi kenbe asirans la si gen kouvèti asirans abòdab ki disponib pou pasyan swa nan yon pwogram asirans Medicaid/Medicare gouvènman an finanse, asirans komèsyal kay anplwayè yo oswa kay ConnectorCare oswa pwogram parèy ki ofri nan kad Lwa sou Swen Abòdab la oswa nenpòt plan siksesè/ranplasan ki ka vin apre. Yo ka mande pasyan an pou soumèt prèv kote li te aplike pou asirans.
2. Fè konnen totalman nenpòt asirans konpansasyon travayè, machin a motè oswa responsabilite tyès pati a e kopere ak demann yo pou reklamasyon yo ka trete nan asirans sa a.
3. Soumèt tout dokiman yo mande pou revni, byen ak kote li rete ki nesèsè pou enskri nan kouvèti asirans eta a oswa pou verifye kalifikasyon yo pou nenpòt èd finansye PHS nan yon lè rezonab.
4. Kenbe antite Partners HealthCare System antite yo an evalaysyon sou enfòmasyon demografik ak asirans aktyèl yo.
5. Peye tout balans yo dapre peryòd ki te antann la.

Esklizyon nan rabè pou èd finansye yo

- Pasyan yo ki te vin nan yon sant Partners yo ki andeyò zòn sèvis primè nou an pou swen ke yon moun rezonab te ka antisipe ki t ap nesèsè p ap konsidere pou jwenn rabè pou èd finansye. Sa gen ladann prezante tèt yo kòm yon ijans lòske pasyan an te dekouvri maladi a anvan li te ale nan yon sant Partners pou jwenn swen. Egzanp pou esklizyon yo gen ladann swen obstetrik ak espesyalite kote pasyan an deja konsyan de kondisyon ke nòmalman yo ta dwe atann ap bezwen swen, sa gen ladann swen onkoloji, sèvis kadyak, sèvis reyabilitasyon espesyal ak sèvis sikyatrik. Sa pa eskli sèvis ijans akòz yon aksidan oswa konplikasyon ki soti nan yon kondisyon ki te egziste anvan lè yon moun ki rezonab pa te antisipe ap gen bezwen swen ijan anvan li ale nan zòn sèvis nou an.
- Pasyan ki gen asirans medikal nan yon rezo founisè limite ke Partners pa patisipe ladann ak moun ki prezante pou yon sèvis ki ta ka bay nan yon lòt sant ki patisipe nan plan sante yo oswa kote lòt sipò finansye te disponib, yo pral tipikman pa kalifye pou yon èd finansye. Sa gen ladan l balans akòz yon refi nan ka pat gen referans, san otorizasyon oswa andeyò rezo sèvis yo.
- Lòt sèvis ki pa ladann, sa gen ladann men pa limite ak:
 - Chiriji plastik
 - Fekondasyon In-Vitro (IVF)

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvyè 2020

- Terapi Repwodiktif Avanse (ART)
- Sèvis Pontaj Gastrik san moun k ap peye a pa te detèmine nesesite medikal la
- Atik konvenyans pou pasyan yo ki gen ladann aranjman espesyal ak aranjman lannuit ki chita sou demann pasyan an e ki pa gen yon plan asirans sante ki kouvri sa ditou
- Lòt sèvis ki pa nesesè medikalman ki gen bòdwo selon yon kalandriye frè pre-detèmine pou moun nan peye li menm.
- McLean Hospital: Tout pwogram rezidansyèl ki enklizif nèt ki pa soumèt reklamasyon yo bay konpayi asirans lan..

Kalifikasyon sèvis pou jwenn rabè pou èd finansye

- Sèvis ki nesesè medikalman yo ki satisfè definisyon sèvis ijan oswa sèvis presan yo ap konsidere pou èd finansye depi pasyan pa gen kouvèti asirans disponib pou sèvis yo, sa gen ladann kouvèti pou machin a motè ak konpansasyon travayè yo.
- Sèvis ki ap kalifye pou èd finansye yo nan sikonstans limite yo gen ladan yo:
 - Sèvis opsyonèl sèlman lè:
 - Pasyan an se yon rezidan nan zòn sèvis primè Partners la e te aplike pou pwogram gouvènman oswa ki pa gouvènman ki disponib yo. Pou rezidan MA yo, se enskripsyon yo nan MassHealth Limited ak/oswa Massachusetts Health Safety Net (HSN) ki demontre sa tipikman. Anjeneral, sa aplike pou sèvis yo bay nan nan sant swen sante avanse, sante konpòtmantal, Mezaon sante ak òganizasyon medsen lè sèvis yo pa kalifye pou voye bòdwo bay HSN.
 - Sèvis yo nan yon sant swen avanse yo dirèkteman pwòch, nan entèval 60 jou, pou yon sèvis presan/ijan e se swen swen pou sèvis ki bay bonè yo.
 - Yo evalye pasyan an pou sitiyasyon finansye yo ak pou detèmine si li te pouswiv dilijans tout opsyon ki disponib pou pwoteksyon yo epi pou detèmine si li kalifye ou pou kouvèti asirans lan. Evalyasyon an dwe fèt anvan chak 12 mwa.
 - Sèvis swen pou swen avanse yo ak sèvis sante konpòtmantal yo sèlman lè:
 - Pre-seleksyon sèvis yo montre ke sèvis espesyalize yo sèlman disponib nan sant Partners yo.
 - Sant la aksepte pasyan an pou swen nan lide ke pasyan an gen resous limite oswa pa gen resous pou peye swen an. Pasyan sa yo tipikman soti nan zòn sèvis primè Partners yo e yo enskri nan MassHealth Limited ak/oswa HSN ki demontre resous finansye limite yo.
 - Sante konpòtmantal (McLean Hospital): Yon pasyan etabli ki sibi anpil depans pou swen opsyonèl ki nesesè medikalman ki vin pa asire pandan terapi a pral konsidere pou èd finansye swa jiskaske yo kapab retabli asirans sante yo oswa jiskaske swen yo a ka transfere nan yon anviwònman ki apwopriye. Rekòmandasyon founisè pasyan an konsènan nesesite klinik la obligatwa anplis ke pasyan an gen pou reponn ak woutin pwosesis sou èd finansye a.

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvye 2020

Kalifikasyon revni/finansye pou jwenn rabè pou èd finansye

Pasyan ki demontre yo gen nesosite finansye, swa akòz revni limite yo oswa paske bòdwo medikal yo se yon pati ki depase revni yo, ap jwenn konsiderasyon pou rabè. Pou moun ki rezidan nan Etazini yo, dènye Gid Federal la sou Povrete Revni (FPG) ki te pibliye a ap itilize kòm detèminan prensipal. Pou moun ki pa rezidan nan Etazini, yon melanj revni ak byen disponib yo ap itilize pou detèmine rabè apwopriye ki disponib la. Nan tout ka yo, revni total fanmi a ap itilize nan detèminasyon sa a. Rabè yo chita sèlman sou revni ki an jeneral limite pou pasyan ki gen revni fanmi ki mwens oswa egal 300% FPG a.

Gid Federal sou Revni kont Povrete a – 1ye fevriye 2019

	150% FPG	250% FPG	300% FPG
Gwosè fanmi an = 1	\$18,375	\$31,225	\$37,470
Gwosè fanmi an = 2	\$25,365	\$42,275	\$50,730
Gwosè fanmi an = 3	\$31,995	\$53,325	\$63,990
Gwosè fanmi an = 4	\$38,625	\$64,375	\$77,250
Gwosè fanmi an = 5	\$45,255	\$75,425	\$90,510

Pasyan yo ki gen revni ki plis pase 300% men ki pi piti oswa egal ak 600% FPG a ka toujou kalifye si yo ka demontre ke depans medikal anyèl yo a depase 30% revni yo nan dènye peryòd 12 mwa ki sot pase a. Pou fanmi yo ki gen yon revni ki plis pase 600%, limit la se bòdwo medikal ki depase 40% revni yo. Depans yo dwe fèt nan peryòd 12 mwa anvan an e yo dwe limite a depans sa yo ki ta ka kalifye kòm yon depans medikal dapre US Sèvis Revni Entèn. Pasyan yo ki swete pou yo konsidere yo pou rabè nan kad règleman sa dwe bay dokiman jistifikatif revni yo, rezidans ak depans medikal ki kalifye yo nan yon lè ki apwopriye.

Itilizasyon byen nan detèminasyon èd finansye yo

Itilizasyon enfòmasyon sou byen yo nan detèminasyon èd finansye yo limite nan siyasyon sa yo:

- Pasyan ki rezide andeyò Etazini ak Kanada
- Pasyan mouri. Egzamen detèminasyon an dwe gen ladan l nenpòt pwopriete
- Yo detèmine pasyan ki pa kalifye epi ki fè apèl pou konsiderasyon patikilye akòz sikonstans san parèy yo.
- Pasyan gen asirans Medicare (eksepte plan ranplasman yo) e balans yo swa ko-asirans swa dediktib. Detèmine Dèt Medicare ki pa kouvrab yo mande:
 - Revni ki mwens pase 201% nan FPG
 - Byen ki vo mwens pase \$10,000 pou premye manm fanmi an epi \$ 3.000 anplis pou chak manm nan fanmi an eksepte rezidans oswa otomobil prensipal la.
 - Deklarasyon pasyan an pou fè konnen li pa ka itilize byen pou peye balans eksepsyonèl yo.

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvyè 2020

Metòd rabè yo ak pousantaj yo

Dapre IRS 501 (r), lopital yo dwe limite frè pasyan yo ak sèvis ki kalifye dapre Règleman sou Èd Finansye (FAP) nan Kantite yo An jeneral Chaje (AGB) asirans Commercial ak Medicare. Partners detèmine AGB a nan divize dabò peman total yo pa frè total yo pou tout plan Commercial ak Medicare yo an jeneral pou ane fiskal anvan an pou detèmine Peman sou Faktè Kont (Payment on Account Factor, PAF) pou ane fiskal anvan an. Sa fèt an jeneral nan mwa desanm lè pifò done presi yo disponib avèk pousantaj rabè yo mete ajou nan mwa janvyè. Minimòm rabè FAP la pou ane fiskal aktyèl la se envès ane PAF anvan an. Sa ap redui frè yo chaje yo pou pasyan ki kalifye yo a pa plis pase AGB ane anvan an.

Egzanp:

Peman total ki soti nan plan Medicare ak Commercial	\$200,000,000
Frè total ki soti nan plan Medicare ak Commercial	\$200,000,000
PAF	40%
Rabè minimòm nèt FAP	60%

Pousantaj rabè pou èd finansye aktyèl yo

<i>Revni fanmi an kòm % FPG</i>	<i>Lopital swen grav ak òganizasyon doktè yo</i>	<i>Spaulding Rehabilitation Network Hospitals and Partners Health Care at Home</i>	<i>McLean Hospital</i>	<i>Wentworth Douglas Hospital</i>
0 rive 150%	100%	100%	100%	100%
150,1 rive 250%	85%	85%	80%	100%
251 rive 300%	70%	64%	60%	0%

<i>Revni fanmi an kòm % FPG</i>	<i>Bòdwo medikal kòm yon pousantaj revni</i>	<i>Rabè pou lopital swen grav ak òganizasyon doktè yo</i>	<i>Rabè pou Spaulding Rehabilitation Network Hospitals and Partners Health Care at Home</i>	<i>Rabè pou McLean Hospital</i>
301 – 600%	30%	70%	64%	60%
Depase 600%	40%	70%	64%	60%

Wentworth Douglas Dental Center

Pasyan kote revni fanmi an egal ak 300% nan FPG a oswa mwens ka kalifye pou rabè sou èd finansye.

- \$ 35 pou chak vizit
- Kèk Sèvis, tankou sèvis dantè ak kouwòn, ap gen yon pi gwo frè ki ka rive jiska 50% frè vizit inisyal la ak 50% nan pri nan poz la.
- Limite pou rezidan Barrington, NH; Dover, NH; Durham, NH; Lee, NH; Madbury, NH; Rollinsford, NH; Somersworth, NH; Berwick, ME; South Berwick, ME.

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvyè 2020

Pwosesis aplikasyon ak rabè

Pasyan yo pral ankouraje pou aplike pou jwenn konsiderasyon pou èd finansye nan tout ka yo kote yo reponn ak kalifikasyon debaz yo ki dekri nan règleman sa a. Tout aplikasyon yo pral revize, sa gen ladann ka kote tout kalifikasyon yo pa te satisfè. Pwosesis aplikasyon an ka inisye swa dirèkteman avèk Sèvis Kliyan PBS, Rekouvremant PBS oswa atravè kontak avèk yon konseye finansye nan nenpòt lopital Partners oswa sant sante a. Règleman ak tout fòm aplikasyon yo disponib tou sou <http://www.partners.org/for-patients/Patient-Financial-Assistance.aspx>. Ou ka aksede paj entènèt sa tou apati paj dakèy Partners HealthCare la nan meni dewoulan an ki anba "For Patients" la.

Nòmalmant, sèlman aplikasyon ki ranpli nèt yo k ap revize pou jwenn konsiderasyon, avèk tout aplikasyon ki ale jwenn BPS yo pou desizyon final. Tout aplikasyon yo ap evalye pou detèmine si pasyan an te satisfè obligasyon li yo, tankou obligasyon pou jwenn nenpòt asirans ki disponib la. Kondisyon pasyan an pral revize pou detèmine si li ta kalifye pou nenpòt nan pwogram eta oswa federal yo. Anplwaye yo ki deziyen nan PBS la pral revize tout aplikasyon yo, kontakte aplikan an pou fè swivi enfòmasyon yo epi kominike rezilta yo bay aplikan an. Anjeneral aplikasyon yo ap efektif pou yon ane apati dat aplikasyon an.

Rabè yo ki apwouve dapre règleman sa a pral aplike lè yo jije yon pasyan kalifye. Nou pral ofri pasyan yo plan peman san enterè yo pou chak direktiv ki egziste nan Règleman Rekouvremant ak Kredi Lopital PHS la. Direktiv sa yo egzije yon peman masyèl minimòm \$25 avèk yon kalandriye peman yon lane pou balans ki mwens pase \$1,000 ak de lane pou gwo balans. Tout lòt pratik rekouvremant yo, tankou aksyon sa yo ki ka pran pou balans ki pa peye yo espesifye nan Règleman Rekouvremant ak Kredi Lopital PHS la. N ap jwenn règleman sa nan <http://www.partners.org/for-patients/Patient-Financial-Assistance.aspx>.

Relasyon ant Règleman sou Èd Finansye Partners yo ak rezo Massachusetts Health Safety Net (HSN)

Commonwealth of Massachusetts la kenbe yon pwogram rezo sekirite ki bay kèk pwoteksyon nan yon MA Acute Care Hospital pou rezidan Massachusetts kote revni fanmi yo ka rive jiska 300% nan Gid Federal kont Povrete (FPG) ki pa kalifye pou MassHealth (Medicaid) la. Pwoteksyon konplè HSN la disponib soti nan 150% nan FPG a ak HSN Pasyèl la disponib soti nan 150% rive 300% nan FPG a.. Asirans sa ka segondè a lòt asirans yo (Medicare, Medicaid oswa Commercial) e fonksyone kòm yon Safety Net pou pasyan yo ki deziyen kòm moun ki gen revni ba dapre règleman Massachusetts yo. Tout sèvis ki nesè medikalman yo disponib pou pasyan sa yo swa san okenn frè (HSN Konplè) oswa apre yo satisfè yon dediktib anyèl (HSN Pasyèl) yo.

Tout Partners Acute Care Hospitals yo, tankou sant sante lopital otorize ak lopital ki deziyen dapre pratik doktè yo ap patisipe nan kouvèti asirans lan e ki konfòme ak tout aspè nan règleman HSN yo. Anjeneral, kouvèti asirans yo eskli montan ko-peman ki detèmine dapre yon kouvèti asirans prensipal eksepte ke ko-peman pou Medicare oswa plan ranplasman Medicare yo ki ladan l.

Tout lòt antite Partners yo, ki eskli pa lwa sou patisipasyon nan HSN, ap rete anba estati paysan HSN apwouve pou kalifikasyon l Partners Financial Assistance. Rabè ki aplikab la pral

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvye 2020

baze sou ki pwogram HSN ke pasyan an kalifye pou li a. Sou baz deziyasyon sa a, rabè sou èd finansye yo pral aplike selon lòt dispozisyon nan règleman sa a

Rabè pou èd finansye pou sèvis Post- Acute Care Services ak Behavioral Health Services ka disponib tou an fonksyon de desizyon yo dwe pran pandan pre-evalyasyon finansye pasyan an pou sèvis pwograme sa yo.

HSN nan gen twa pwogram (Confidential Services to Adults, Confidential Services to Minors ak Medical Hardship) ki disponib pou pasyan yo. Anjeneral, se yon konseye finansye nan youn nan lopital yo ki fasilite patisipasyon nan pwogram sa yo.

Pwogram Medical Hardship HSN nan disponib pou rezidan MA nan nivo revni ki pi wo yo. Pasyan yo dwe ankouraje pou aplike pou pwogram sa a lè yo depans yo gen pou fè ak kòb pòch yo se yon gwo pati nan revni yo, jeneralman plis pase 30% nan revni kay la. Se yon konseye finansye ki dwe kòmanse aplikasyon yo nan yon lopital swen avanse. Chak aplikasyon ka gen ladann depans medikal ki fèt nan 12 mwa anvan yo te ranpli yon aplikasyon ki gen yon limit 3 aplikasyon nan nenpòt ane a. Tout balans kontinye jwenn konsiderasyon yon balans valab moun nan gen pou pou peye jiskaske HSN apwouve aplikasyon an. Sa pa transmèt kouvèti asirans jeneral nan pwogram HSN la Pasyan yo pral enfòm de pwogram nan lè yo rele Sèvis Kliyantèl PBS la oswa yon konseye finansye lè yo gen gwo balans ak lè yo gen pwoblèm pou peye fakti yo. Konseye finansye yo fè kèk sansibilizasyon pwoaktif, pou pasyan entèn ki gen gwo balans yo, ak reprezantan rekouvremant yo, pou gwo balans garan yo. Konseye finansye pasyan yo konseye tout pasyan ki swa kontakte yo oswa yo refere yo konsènan aplikabilite pwogram nan epi travay avèk pasyan an pou ranpli aplikasyon an epi soumèt li nan HSN.

Pasyan ki gen kouvèti asirans sèlman MassHealth Limited ak/oswa HSN yo jeneralman konsidere yo kòm san asirans piske pwogram sa yo pa fonksyone dapre règ kouvèti asirans estanda yo. Balans akòz swen avanse lopital yo kòm yon pati nan yon dediktib HSN pasyèl yo kalifye pou rabè pou pasyan ki pa gen asirans.

Konsiderasyon endividyèl

Pasyan yo ankouraje fè Sèvis Finansye Pasyan nan nenpòt lopital Partners yo oswa Solutions Billing Solutions konnen sitiwayon finansye inik yo. Antite afilye Partners yo kapab, an akò avèk règleman Kredi ak Rekouvremant li yo, pwolonje rabè ki depase lòt dispozisyon ki nan règleman sa a sou yon baz ka pa ka pou rekonèt ka inik yo pou difikilte finansye.

Piblikasyon ak sikilasyon règleman sou èd finansye ak rabè pou pasyan

Règleman sou èd finansye Partners la, fòmilè aplikasyon yo ak yon rezime nan langaj senp disponib sou <http://www.partners.org/for-patients/Patient-Financial-Assistance.aspx>. Ou ka aksede paj entènèt sa tou apati paj dakèy Partners HealthCare la nan meni dewoulan an ki anba "For Patients" la. Sit entènèt la gen ladann divès fason pasyan yo ka aplike pou èd, tankou yon lis lokal lopital ak sant sante ki bay konsèy finansye a pasyan; yon nimewo telefòn

Rabè pou pasyan ak règleman sou èd finansye 1ye janvye 2020

santral; ak yon adrès imèl. Sit entènèt la pèmèt pasyan konnen tou ke fòm aplikasyon yo ak èd yo gratis.

Enfòmasyon sou règleman an ak fason pou aplike disponib nan tout antite Partners ki aplikab yo avèk kominikasyon piblik ki fèt nan plizyè fason:

- avi 11 x 17 ki afiche nan zòn enskripsyon ak lòt zòn gwo trafik yo
- Bwochi nan langaj senp ki fè piblisite disponiblite opsyon èd finansye Partners yo ki afiche nan pratik ak Depatman Dijans yo.
- Enfòmasyon jeneral konsènan disponibilite èd finansye yo fè pati tout deklarasyon pasyan yo
- Resous konsèy finansye pou pasyan yo disponib pou nenpòt pasyan ki mande èd, ki gen kesyon espesifik oswa ki vle yon aplikasyon papyè. Materyèl, sa gen ladann règleman, fòmilè aplikasyon ak rezime nan langaj senp, yo disponib an angle ak lòt lang jan règleman yo mande sa.
- Pèsonèl pwogram kominote lopital la fòme konsènan FAP e yo gen enstriksyon pou enfòme ak avize manm kominote yo a sou disponibilite èd finansye nan sit Partners yo.